



Konsèy Preparasyon pou sitiyaasyon Ijans

Ajans pou Jesyon Ijans Massachusetts (MEMA) ankouraje tout rezidan yo prepare tèt yo fanmi ak kay yo pou ijans ak dezast.

[Mass.gov/Ready](https://www.mass.gov/Ready)

Planifye pou tout kalite danje.

Rezidan yo ka afekte ak yon varyete danje, move tan, dezast natirèl ak menas moun fè. Aprann plis sou katastwòf ki gen plis chans pou afekte Massachusetts ak zòn ou an ak kijan w ka prepare.



bit.ly/plan-hazards

Fè yon plan.

Fè yon plan ijans famiyal ki endike sa pou w fè ak kijan pou w rete an kontak an ka ta gen yon ijans. Gen yon plan evakyasyon ki gen ladann kote w prale ak sa ou pral pote.



bit.ly/Plan4Family

Prepare yon kit.

Mete atik fanmi w ap bezwen pou 3-5 jou:

- Dlo nan boutèy ak manje ki pa p gate,
- Flach, yon radyo ak pil siplemantè
- Chajè telefòn,
- bwat premye selou ak medikaman, linèt rezèv
- medikal espesyalize ekipman, si sa nesesè
- atik pou swen pèsònèl.
- Kopi dokiman ki enpòtan yo.



Pa bliye: Kit ou a li pa bezwen koute anpil lajan, epi w ka prepare l atan.

bit.ly/Your-Kit

Prepare pou bezwen medikal.


Si ou menm oswa yon moun nan fanmi w gen bezwen medikal espesyal, oswa ekipman, mete sa yo nan plan ou. Pale ak founisè medikal ou pou konsèy oswa èd adisyonèl.



Prepare pou pann kouran.

Fè yon plan pou pann kouran pwolonje.

bit.ly/Powers-Out



Prepare lakay ou.

Pran mezi pou anpeche domaj van ak inondasyon ka lakòz. Asire w detektè lafimen ak monoksid kabòn yo fonksyone.

bit.ly/ReadyHome



Prepare pou animal domestik ak asistans animal.

Mete manje, pwovizyon, kaj bèt ak lòt bagay animal domestik ou a oswa asistan w ta bezwen nan yon evakyasyon.

Sonje, animal sèvis ou a ap toujou gen dwa nanabri oswa nenpòt lòt kote ou ale.



Anvan, Pandan, & Apre

Yon Ijans

Rete enfòmè.

Bay atansyon sou nenpòt mizajou sou ijans atravè kominikasyon ofisyèl ijans yo. Abònman nan yon sistèm 9-1-1 lokal si kominote w la genyen youn. Asire w smartphone ou a ka resevwa alèt ijans.

[Ready.gov/alerts](https://www.ready.gov/alerts)



Rete yon bon vwazen.

Tcheke moun ki nan katye w la ki ka bezwen plis èd anvan, pandan ak apre yon ijans.



Koute ofisyèl ijans yo.

Si yo di w pou w evakye, fè sa imedyatman.
Si w te evakye, retounen lakay ou sèlman lè otorite lokal yo di li an sekirite pou w fè sa. Konsilte ofisyèl lokal yo oswa rele 2-1-1 pou jwenn yon kote pou abri oswa lòt enfòmasyon sou katastwòf la.



Sere dosye sou nenpòt domaj pwopriyete.

Si kay ou oswa pwopriyete w domaje pandan yon ijans, pran foto oswa videyo pou dokimante domaj la; sa a ka ede ak asirans ak pwosesis rekiperasyon an.



Lyen enpòtan:

Ajans Jesyon Ijans nan Massachusetts



[Mass.gov/MEMA](https://www.mass.gov/mema)



[Twitter.com/MassEMA](https://twitter.com/MassEMA)



[Facebook.com/MassachusettsEMA](https://www.facebook.com/MassachusettsEMA)

Sèvis Meteyolojik Nasyonal Boston/Biwo Norton



[Weather.gov/box](https://www.weather.gov/box)



[Twitter.com/NWSBoston](https://twitter.com/NWSBoston)



[Facebook.com/NWSBoston](https://www.facebook.com/NWSBoston)

Sèvis Meteyolojik Nasyonal Albany/Biwo NY



[Weather.gov/aly](https://www.weather.gov/aly)



[Twitter.com/NWSAlbany](https://twitter.com/NWSAlbany)



[Facebook.com/NWSAlbany](https://www.facebook.com/NWSAlbany)



Ajans Jesyon Ijans nan Massachusetts